

KÒD LARI



REG AK PWOTOKÒL
POU RIVE LA
ANSANM

KONNEN KÒD LA

Kòd Lari a se yon resous pou tout moun. Kit ou mache, monte bisiklèt, kondwi, oswa itilize transpò piblik, ou jwe yon wòl aktif nan sistèm transpò a. Pou sistèm sa a fonksyone byen, chak moun dwe **swiv règ yo, prete atansyon, epi montre pasyans ak jantiyès.**

Kòd Lari a gen senk seksyon prensipal, ki nan lis pi ba a. Ansanm, seksyon sa yo ede tout moun konprann kijan pou yo deplase nan vil nou an. Dokiman sa a fini ak yon paj resous ki gen nimewo telefòn ak sit entènèt enpòtan yo.

RÈG WOUT LA.....	3
DIMINYE RISK: RETE VIJILAN.....	7
DIMINYE RISK: DWE PREVWAYAN	9
RESPONSABLITE	13
RESPEKTE LÒT MOUN.....	18
RESOUS YO.....	23

TOUJOU BAY PYETON YO PASE.



Se pou youn bay lòt yon ti chans, pran yon ti pasyans anplis, epi sonje nou tout ap eseye rive yon kote an sekirite. Avèk plis moun k ap monte bisiklèt ak mache epi avèk toujou yon kantite nouvo etidyan, nouvo vizitè, nouvo chofè, nouvo vwayajè, ak nouvo moun sou bisiklèt, li enpòtan pou n sonje **tèm prensipal** sa yo nan **Kòd Lari** a.

1. RALANTI.

Plis ou vwayaje vit, se plis gen risk pou aksidan ak blesi grav. Ralanti vo lapèn paske li pi an sekirite pou tout moun.


2. METE TÈT OU NAN PLAS YON Lòt MOUN.

Imajine kijan sa t ap ye pou ou ta nan pozisyon yo. Petèt yo nouvo nan vil la epi yo poko finn aprann kote bagay yo ye. Petèt yo bezwen plis tan pou travèse lari a pase sa ou ta ka bezwen. Petèt yo nouvo nan kesyon kondwi oswa monte bisiklèt nan vil la epi kè yo sou biskèt. Montre pasyans ak konsiderasyon pou lòt moun.

3. NOU TOUT NAN SA A ANSANM.

Li konsène nou tout. Nou tout ap eseye rive yon kote san danje. Lè nou tout fè pati pa nou, nou ka soti nan lari epi deplase yon fason san danje ak alèz.

TANPRI. DEPOZE TELEFÒN OU.



**KONTWOLE SIKLIS YO
ANVAN OU VIRE OSWA
OUVRI PÒT OU.**

RÈG WOUT LA

MOUN K AP KONDWI



- Dwe **KANPE** nan limyè wouj ak siy pou kanpe yo.
- Dwe bay moun ki sou twotwa yo **PASE**.
- Pa dwe **KONDWI, PAKE, OSWA KANPE** nan yon liy bisiklèt. Sa gen ladann **CHOFÈ TAKSI KI VINI SOU KÒMAND YO**.
- Dwe **KONTWOLE MOUN K AP MONTE BISIKLÈT YO** anvan yo louvri pòt la (**PASAJÈ YO** dwe gade tou anvan yo ouvri pòt la).
- Dwe **KANPE DÈYÈ** pasaj pou pyeton yo ak bwat bisiklèt **MENM SI VID**.
- Dwe **KANPE** (lè w ap vire oswa pakin) pou moun k ap monte bisiklèt ki prale dwat.
- Pa janm dwe **VOYE TÈKS AK KONDWI AN MENM TAN** – li ilegal epi ka touye moun!
- Pa janm **DWE** double yon lòt machin ki kanpe nan yon pasaj pou pyeton.
- Dwe kondui **A OMWEN 4 PYE DISTANS** moun k ap monte bisiklèt, moun k ap mache, ak lòt moun ki vilnerab nan wout la.
- Ap sibi yon kontravansyon epi dwe peye amann pou vyolasyon lwa sikilasyon yo.
- Limit vitès nan tout vil la se 25 mph sof si yo make l yon lòt fason. Anpil lari vil yo gen yon limit vitès 20 mph.

MOUN K AP MONTE BISIKLÈT



- Dwe **KANPE** nan limyè wouj ak siy pou kanpe yo.
- Dwe bay moun ki sou twotwa yo **PASE**.
- Dwe itilize **LIMYÈ BLAN DEVAN YO**, limyè wouj dèyè yo, ak **REFLEKTÈ DÈYÈ YO** ant solèy kouche ak douvanjou.
- Ou dwe monte bisiklèt nan **MENM DIREKSYON** ak trafik la sof si yo make lòt jan oswa siy yo montre lòt jan.
- Dwe **METE YON KAS** si yo gen 16 an oswa pi piti.



- Gen dwa sèvi ak **LIY MACHIN KONPLÈ** nenpòt kote, nenpòt lè, ak nan nenpòt lari (eksepte nan otowout ki gen aksè limite yo) **MENM SI GEN YON LIY BISIKLÈT.**
- Kapab itilize yon **LIY BIS** sof si yo endike yon lòt fason.
- Pa **KA** monte sou **TWOTWA** a nan distri biznis ki deziyen yo.
- Ka double machin sou bò dwat epi avanse devan kafou a nan limyè pou kanpe yo.
- Pa **KA** mete kas ekoutè oswa ekoutè nan tou de zòrèy pandan y ap monte bisiklèt.
- Ap sibi yon kontravansyon epi dwe peye amann pou vyolasyon lwa sikilasyon yo.
- Pa voye tèks epi monte bisiklèt an menm tan. Men sou bisiklèt ou ak zye w sou wout la.
- **MOUN K AP SIKILE SOU BISIKLÈT ELEKTRIK DWE** suiv menm règ ak règleman avèk bisiklèt tradisyonèl yo. Sèl eksepsyon sèke moun k ap sikile sou bisiklèt elektrik **PA DWE JANM MONTE SOU TWOTWA YO.**

MOUN K AP MACHE



- Ta dwe konsyan de sikilasyon an epi, kote sa disponib, itilize pasaj pou pyeton an epi tann siyal pou pyeton an.
- Ta dwe rete sou twotwa a lè y ap tann pou travèse. Pa rete tann nan liy bisiklèt la.

MOUN K AP UTILIZE TRANSPÒ PIBLIK



- Pa dwe chita nan chèz ki make **SYÈJ PRIYORITE YO**, jan lalwa federal egzije sa, si yon moun ki ansent, ki aje, oswa ki andikape bezwen chita.
- Ta dwe sòti nan **PÒT DÈYÈ** bis la lè sa posib.

LIY BIS

Liy bis yo fè wout bis yo pi **fyab** epi fè vwayaj bis yo pi **rapid**.

Moun k ap kondwi pa dwe pakin, chaje, kanpe oswa kondui nan yon liy bis **eksepte** pou vire adwat, antre oswa sòti nan yon antre kay, oswa pou jwenn aksè nan yon plas pakin ki deziyen.

Apre yo fin kanpe pou bis yo, moun k ap kondui yo ka antre nan liy bis la pou jwenn aksè nan pakin oswa pou vire adwat.

Moun k ap kondui oswa k ap soti nan veyikil (ki gen ladan veyikil taksi sou kòmand) ta dwe kontwòle moun k ap mache ak monte bisiklèt yo anvan yo raze oswa ouvri pòt la.

Moun k ap kondwi pa dwe **janm** raze, kanpe, oswa pakin sou yon pasaj pou pyeton oswa nan liy bisiklèt la – li danjre epi ilegal.

Plas pakin ki sitye sou liy bis yo **gen limit nan tan**. Moun k ap kondwi pa dwe pakin nan plas sa yo andeyò lè yo fikse yo.

Moun k ap monte bisiklèt yo dwe kanpe pou moun k ap mache yo lè y ap travèse liy bisiklèt la pou soti oswa pou ale nan yon machin ki pakin.

Moun k ap kondui ak monte bisiklèt dwe kanpe nan liy arè a pou moun k ap mache yo ka travèse kafou a san danje.


**BIS
SÈLMAN**



VIRE AGOCH NAN DE ETAP

Nouvo mak sou wout yo ap parèt nan lari nou yo. Vire a goch nan de etap la pèmèt **moun k ap monte bisiklèt yo** vire agòch nan de etap separe, sa ki pi alèz pase travèse plizyè liy trafik.


Moun k ap monte bisiklèt PA vire agoch: Lè limyè a vèt, monte bisiklèt nan kafou a nan yon liy dwat ki previzib.



ETAP 2: Tann limyè vèt la epi ale tou dwat nan kafou a.

ETAP 1: Moun k ap monte bisiklèt ka travèse kafou a nan limyè vèt epi kanpe nan bwat bisiklèt yo bay la.

Moun k ap kondwi dwe kanpe dèyè liy lan. Lè limyè a vin vèt, tann pou moun ki sou bisiklèt yo ale anvan yo akselere.



DIMINYE RISK: RETE VIJILAN

MOUN K AP KONDWI



- Siveye moun k ap monte bisiklèt k ap vini dèyè, sitou lè y ap vire.
- Anvan w ouvri pòt machin ou an oswa anvan w deplase, **GADE NAN RETWOVIZÈ W** epi **VIRE KÒ W** fizikman pou asire w pa gen okenn moun ki sou bisiklèt k ap vini.
- Fè atansyon ak **SIYAL PYETON** an epi bay moun k ap mache yo priyorite.
- Kite plas pou moun k ap monte bisiklèt yo pase sou bò dwat ou; **PA KONDWI TWÒ PRE TWOTWA A.**

MOUN K AP MONTE BISIKLÈT



- Konprann ke gwo machin yo vire laj, pran tan pou yo kanpe nèt, epi yo gen gwo ang mò.
BAY BIS YO, KAMYON YO, AK LÒT GWO MACHIN PLAS EPI EVITE DOUBLE YO.
- Mete telefòn ou lwen – sekirite w depann de tout sans ou.
- Pyeton yo toupatou – prepare w pou kanpe pou yo.
- Monte andeyò “zòn pòt” la (omwen **3 PYE** de machin ki pakin yo) epi siveye nenpòt pòt machin ki ouvri.
- Lè w ap double machin adwat nan gwo trafik, **RALANTI** lè w ap pwoche yon pasaj pou pyeton. Moun ka ap travèse.
- Antisipe estasyon bis yo pou evite konfli ak yon bis. Pa double bis sou bò dwat – ou ka frape yon moun k ap soti nan bis la oswa yo ka kwense w nan twotwa a.

MOUN K AP MACHE



- **RETIRE ZYE W** nan telefòn ou lè y ap travèse lari a.
- Kontwòle moun k ap monte bisiklèt anvan w antre nan pasaj pou pyeton yo – yo ka vwayaje **PI VIT** pase machin yo nan moman gwo trafik.
- Kontwòle moun k ap monte bisiklèt lè w ap antre nan machin taksi sou kòmand.
- Siveye machin k ap vire anvan yo travèse.
- Konsyan de anviwonman w sitou si w ap koute mizik oswa si w ap pale nan telefòn.

MOUN K AP UTILIZE TRANSPÒ PIBLIK



- Siveye machin ak moun k ap monte bisiklèt lè w ap soti nan bis la epi ap travèse lari a.

LIY BISIKLÈT SEPARE YO


Yo rele Liy bisiklèt separe yo pis siklis ak liy bisiklèt pwoteje. Liy sa yo separe trafik bisiklèt ak trafik machin. Fè anpil atansyon nan kafou kote liy bisiklèt separe yo travèse wout yo ak pasaj pou pyeton yo. Gen kèk ki sans inik, gen kèk ki nan de sans. **Moun ki monte bisiklèt** ta dwe woule nan direksyon ki kòrèk la. **Moun k ap mache** ta dwe rete sou twotwa a — pa mache nan liy bisiklèt separe a.

Moun k ap monte bisiklèt ta dwe monte nan liy lan atravè kafou a. Siveye machin k ap vire yo ak pyeton yo.


Lè y ap vire adwat, **moun k ap kondui yo** dwe kanpe pou moun k ap monte bisiklèt ak pyeton k ap travèse yo.



Moun k ap mache ta dwe siveye moun k ap monte bisiklèt lè y ap travèse liy bisiklèt separe a.




Moun k ap kondui dwe kanpe nan liy arè a pou pèmèt pyeton ak siklis yo travèse kafou a san danje.



Moun k ap mache ta dwe travèse nan siyal pou pyeton an.



Moun ki monte bisiklèt dwe bay pyeton yo priyorite. Siveye machin k ap vire yo.



PÒT YO DANJRE


Pòt machin yo reprezante yon menas grav anpil pou moun k ap monte bisiklèt yo. Kit ou se chofè a oswa yon pasaje, gade anvan ou ouvri pòt yon machin — sa ka sove lavi yon moun.

Moun k ap kondui oswa vwayaje nan machin, kamyon, taksì, oswa nenpòt lòt veyikil motè ki gen yon pòt:


1 Verifye **retwovizè** ou a.



2 Tcheke **retwovizè** sou kote w la.





3 Louvri pòt la avèk **men ki pi lwen pòt la**. Ekstansyon Olandè (Ouvri ak men ki pi lwen pòt la) fòse kò w vire, fè li vin yon abitud pou gade dèyè pou machin k ap apwoche oswa moun ki sou bisiklèt.



Moun ki monte bisiklèt ta dwe sikile deyò "zòn pòt la."

Moun ki monte bisiklèt ta dwe monte omwen 3 pye de machin ki pakin pou evite pòt yo, nan lari ki **genyen** ak **pa genyen** liy bisiklèt.



DIMINYE RISK: DWE PREVWAYAN

Lè w pran risk pandan w ap kondui yon machin, monte bisiklèt, oswa travèse lari gen enpak sou lòt moun ki bò kote w. Lè w kominike aksyon w ak fè w previzib, sa ede kenbe tout moun rete an sekirite. Sa ki pi enpòtan: **moun k ap kondwi ak moun k ap monte bisiklèt, tanpri ralanti.**

MOUN K AP KONDWI



- Kominike – **ITILIZE SIYAL VIRE OU AN!**
- Bay anpil avètisman anvan ou vire oswa chanje liy – mouvman toudenkou ka lakòz yon aksidan.
- Rete omwen **4 PYE LWEN** moun k ap monte bisiklèt lè w ap double.
- Retounen sou liy dwat la lè w fin double san danje tout moun k ap monte bisiklèt.
- Si yon liy two piti pou double moun k ap monte bisiklèt, ou dwe itilize yon lòt liy pou double oswa rete tann jiskaske li an sekirite pou w double.
- **PA KONDUI SOU LIY BISIKLÈT LA** pou w double yon machin k ap tann pou l vire agoch nan yon kafou ki pa gen yon liy pou vire agòch.

MOUN K AP MONTE BISIKLÈT



- Vwayaje nan yon **LIY DWAT** pou moun k ap mache ak kondwi konnen ki kote pou atann ou.
- **KOMINIKE** lè w ap double lòt moun sou bisiklèt, lè w ap vire, oswa lè w ap ralanti. Sèvi ak bra w, vwa w, oswa klaksòn.
- Double lòt moun k ap monte bisiklèt sou bò **GÒCH**, pa sou bò DWAT.

MOUN K AP MACHE



- Fè tèt ou vizib — pran yon poz epi **FÈ KONTAK ZYE** ak moun k ap kondwi machin ak monte bisiklèt yo anvan ou travèse lari a.
- Mache nan yon **LIY KI PREVIZIB** nan kafou a.
- Rete **ADWAT** nan liy ki pataje yo.

MOUN K AP UTILIZE TRANSPÒ PIBLIK




- Ta dwe travèse nan pasaj pou pyeton ki pi pre a.
- Pa janm travèse devan bis la — tann bis la fin pase.
- Menm si w prese, kontwole moun k ap mache oswa monte bisiklèt, epi tann pou w travèse kafou a lè li lib.

FÈ ATANSYON ALANTOU BIS YO

Tout moun ta dwe fè atansyon alantou bis yo. Atann bis yo ka kanpe souvan epi konnen yo mande anpil prekosyon pou manevre yo san danje. Montre koutwazi, bay bis yo ase espas pou manevwe, epi kontwole **moun**!



Moun k ap monte bisiklèt ki chwazi double yon bis ta dwe pran liy lan epi pase sou bò gòch la. Siveye moun ki ka ap antre nan pasaj pou pyeton an.

Moun k ap mache ta dwe tann siyal pyeton an anvan yo travèse.




Moun k ap monte bisiklèt ta dwe **prete atansyon** lè y ap double yon bis—atann pou li re-antre nan liy vwayaj la.

Moun k ap kondwi ta dwe kite ase espas pou otobis yo re-antre sou liy vwayaj la. Siveye **moun ki sou bisiklèt** ki ka pran tout liy lan.



Moun ki monte bisiklèt ta dwe bay otobis yo anpil plas. Pa eseye kite bis fèmen w sou bò dwat. Pafwa li pi bon pou w ret dèyè epi kite bis yo re-antre nan liy vwayaj la olye pou eseye double. Kontwole **machin** k ap apwoche sou bò gòch ou yo.



KAMYON YO GEN GWO ANG MÒ

Moun k ap kondwi gwo machin yo ta dwe verifye epi reverifye retwovizè yo anvan yo vire.

Moun k ap kondwi gwo machin yo ta dwe prete plis atansyon lè y ap vire adwat nan vil la. Siveye **moun k ap monte bisiklèt** ak **mache** lè y ap vire.

VIZIBILITE
FÈB

ANG MÒ (YON
KOTE OU PA KA WÈ)

VIZIBILITE
FÈB

ANG MÒ (YON
KOTE OU PA KA WÈ)

Moun k ap mache ta dwe elwanye twotwa a lè gwo machin yo vire nan kafou an.

Evite sikile bò kote kamyon ak gwo machin yo.

Moun k ap kondwi ta dwe sonje gwo kamyon yo bezwen plis tan pou yo kanpe. Pa travèsè devan yo si pa gen ase espas.

Moun k ap monte bisiklèt ta dwe sonje ang mò dèyè yon machin lè y ap pran liy lan. Pa kwè **moun k ap kondwi** a ka wè w.

RESPONSABLITE

Nou gen responsablite pou nou **suiv règ yo** epi **bay bon egzanp**.
Se pa sèlman ou menm; nou tout nan sa ansanm.

MOUN K AP KONDWI



- Veyikil yo gen potansyèl pou yo fè plis mal. **FÈ ATANSYON, PRETE ATANSYON**, epi ralanti.
- **KANPE** dèyè **LIY ARÈ** a oswa **BWAT BISIKLÈT** la. Ou p ap rive nan destinasyon ou pi vit lè w bloke pasaj pou pyeton an oswa bwat bisiklèt la.
- Lè yo pèmèt **VIRE ADWAT NAN LIMYÈ WOJ, KONTWOLE MOUN K AP MACHE** sou pasaj pou pyeton an **DEVAN W** ak **MOUN K AP MACHE** sou pasaj pou pyeton an **ADWAT OU**. Vire **DOUSMAN** sèlman lè tou de pasaj pou pyeton yo pa gen **MOUN K AP MACHE**.
- Lè w sou wout la sa mande tout atansyon w – pa pran telefòn selilè w, menm nan yon limyè wouj.

MOUN K AP MONTE BISIKLÈT



- Travèse limyè wouj ak siy arè san kanpe se bagay ki **DANJRE** epi **ILEGAL**. Montre respè – **KANPE** epi **RETIRE PYE W SOU GAZ LA**.
- Montre koutwazi pou lòt moun k ap monte bisiklèt ki kanpe nan yon kafou. **TANN TOU PA W** – ou pa t ap ka kouri pase devan nan liy nan makèt la, kidonk pa pase devan lòt moun ki sou bisiklèt.
- Itilize **LIMYÈ YO** nan **LANNWIT**. Mete rad ki klere oswa ki reflete. Se pa sèlman konsène wè kote w prale, li konsène lòt moun ki wè **W**.
- Vwayaje nan **MENM DIREKSYON AK TRAFIK LA**, sof si sa make yon lòt fason. Li pa vo risk la; pran tan anplis pou vwayaje yon fason kòrèk ak previzib.

MOUN K AP MACHE



- Kite liy pataje a si w bezwen kanpe – **KITE LIY NAN LIB** pou lòt moun.

MOUN K AP ITILIZE TRANSPÒ PIBLIK



- Apre w fin antre nan tren oswa bis la, **ELWANYE PÒT LA** epi fè plas pou lòt moun ki dèyè w.
- Pèmèt moun soti nan bis ak tren yo anvan ou monte. Ou pral gen anpil tan pou monte yon fwa yo desann.
- Soti nan pòt dèyè bis la akselere vwayaj la pou **TOUT MOUN!**

TRELÈ TRAKTÈ K AP VIRE YO

Trelè traktè yo mande plis espas pou vire adwat pase sa ou ta ka espere. **Tout moun** ta dwe ba yo anpil espas epi **moun k ap monte bisiklèt** pa ta dwe **JANM** eseye kite yo fèmen yo sou bò dwat la.

Pandan trelè traktè yo ap prepare pou vire adwat, yo ka deplase antre nan liy vwayaj gòch la.

Liy Kawotchou Eksteryè Devan Traktè

Liy Kawotchou Enteryè Trelè

Moun k ap monte bisiklèt pa ta dwe **JANM** double yon trelè traktè k ap deplase sou bò dwat la.

Moun k ap mache ta dwe elwanye twotwa a lè gwo kamyon yo ap vire. Si chofè a mal kontwole vire a, wou dèyè trelè a ka kouri sou twotwa a.

Konprann ke li mande anpil prekosyon pou kondwi yon gwo machin san danje. **Moun k ap monte bisiklèt** ta dwe bay bis yo, kamyon yo ak lòt gwo machin yo anpil espas pou yo deplase.

SEKIRITE NAN KAFOU

Moun ka mache, monte bisiklèt nan vil ki amikal pou moun, epi yo chaje aktivite. Kit nan zòn rezidansyèl oswa nan distri biznis yo, machin ki pakin yo ka bloke vizyon w nan kafou yo. Sonje: **ralanti** epi **reverifye** anvan ou kontinye nan yon kafou.

Moun k ap monte bisiklèt ta dwe kwè moun k ap kondwi a pa ka wè yo. **Ralanti** epi eseye fè **kontak zye** ak chofè a.

Moun k ap kondwi ta dwe kanpe dèyè liy lan. Kwè ke yon moun k ap monte bisiklèt ap apwoche. Ak anpil atansyon fè yon ti avanse jiskaske ou ka wè ke li lib.

Moun k ap mache ta dwe travèse nan pasaj pou pyeton kote yo atann yo epi ka wè yo. Eseye fè **kontak zye** ak chofè yo epi moun ki sou bisiklèt anvan ou travèse.


Moun k ap kondwi pa ta dwe janm raze, kanpe, oswa pakin akote pasaj pou pyeton an — li ilegal epi li bloke vizyon moun nan kafou yo.

Prete atansyon a **moun ki monte bisiklèt** devan w yo. Ba yo anpil espas nan kafou yo.


Toujou pakin nan espas pakin yo deziyen an.

KAFOU PWOTEJE YO


Kafou ki pwoteje yo kenbe **moun k ap monte bisiklèt yo** separe de **moun k ap kondui yo** epi yo kreye distans pou travèse ki pi kout pou **moun k ap mache**. **Moun k ap kondwi** jwenn avantaj lè yo wè moun k ap monte bisiklèt yo pi byen, sitou lè moun k ap kondui vire adwat.



Moun ki sou bisiklèt yo ta dwe kanpe epi tann pou travèse nan zòn atant la. Yo ta dwe kenbe lòt liy bisiklèt la lib tou pou kite moun ki sou bisiklèt nan **lòt direksyon** an pase.



Moun k ap monte bisiklèt dwe kanpe pou **moun k ap mache** k ap travèse lari a ak liy bisiklèt la.



Moun k ap kondui yo dwe kanpe dèyè liy arè a pou moun k ap mache yo ka travèse kafou a san danje.

Moun k ap kondui dwe kanpe pou **moun k ap monte bisiklèt** ak mache lè y ap vire adwat.

Moun k ap monte bisiklèt dwe kanpe **pou moun k ap mache** k ap travèse liy bisiklèt la pou rive nan estasyon bis la.

Moun k ap mache pa ta dwe mache sou liy bisiklèt la eksepte lè y ap travèse lari a oswa lè y ap mache ale nan estasyon bis la.

Moun k ap mache ale nan estasyon bis la ta dwe itilize **pasaj yo deziyen yo**. **Moun k ap monte bisiklèt** dwe bay moun k ap mache priorite.



PWOTOKÒL LIY PATAJE

Anpil moun itilize liy pataje yo nan plizyè fason diferan. Swiv gid sa yo sou fason pou pataje liy lan epi pwofite vwayaj ou an!

Tout moun ta dwe rete **adwat** liy lan.

Ralanti lè w ap double epi bay yon **avètisman**.

Pase sou **bò gòch** epi fè remake prezans ou. Verifye dèyè w anvan w pase.

Sou bò gòch!

Kenbe chen an nan yon **kòd**.

Tanpri deplase soti nan liy lan pou kanpe epi pale.

Ou dwe konsyan de anviwònman ou lè w ap kouri ak ekoutè nan zòrèy. Verifye dèyè w anvan w pase.

Moun ki deplase pi dousman yo rete sou **bò dwat**. Sèvi ak limyè lè li fè nwa.

Itilize yon limyè lè li fè nwa.

RESPEKTE LÒT MOUN

Montre koutwazi ak pasyans. Nou tout merite rive kote nou bezwen san danje.

MOUN K AP KONDWI



- Pa klaksone moun k ap monte bisiklèt ak mache yo san nesesite. Li fè bri epi li grosye.
- Pran pasyans lè limyè a vin vèt – **PÈMÈT MOUN KI SOU BISIKLÈT AK K AP MACHE YO SOTI NAN KAFOU A ANVAN OU ALE.**
- Siveye ma dlo lè lapli tonbe. Ralanti pou **EVITE VOYE DLO SOU** yon moun k ap mache, monte bisiklèt, oswa k ap itilize yon bis.

MOUN K AP MONTE BISIKLÈT



- Kanpe pou moun k ap mache epi bay yo priyote pasaj.
- Fè remake prezans ou pandan w ap double. Di "Sou bò gòch ou," "Ap pase," oswa jis sonnen klaksòn ou.
- Bay lòt moun k ap monte bisiklèt enpe espas – **PA FÈ FOUL!**
- Vwayaje nan **VITÈS APWOPRIYE** nan liy pataje yo ak nan lari yo. Ralanti lè w ap apwoche lòt moun.
- Si w chwazi woule sou twotwa kote li legal pou w fè sa, ou **DWE** woule nan yon vitès mache epi bay moun k ap mache priyorite.

MOUN K AP MACHE



- Pa travèse kont limyè a.
- Kenbe chen ou yo nan **KÒD KOUT** lè w ap itilize yon liy pataje.
- Asire w ke timoun yo **RETE DWAT** lè w ap itilize yon **LIY PATAJE**.


MOUN K AP ITILIZE TRANSPÒ PIBLIK



- Kenbe apèl telefòn ak konvèsasyon yo nan yon volim **BA**.
- W ap tandè mizik? **ITILIZE KAS EKOUTÈ W**.
- Pa mete valiz ou yo sou chèz ki bò kote w la.


PWOTOKÒL BWAT BISIKLÈT

Bwat bisiklèt yo enstale nan kafou yo pou bay **moun k ap monte bisiklèt yo** yon mwayen ki an sekirite pou vire. Lè yo itilize kòrèkteman, bwat bisiklèt yo fè kafou yo pi an sekirite pou tout moun. Swiv gid sa yo lè w ap apwoche yon **limyè wouj** epi evite fristrasyon ak konfizyon initil nan bwat bisiklèt la.





Moun k ap monte bisiklèt ta dwe toujou kanpe dèyè pasaj pou pyeton an pou pèmèt **moun k ap mache** travèse.

Moun ki sou bisiklèt k ap vire agoch ta dwe pase sou bò gòch bwat la. Siyale epi tann limyè vèt la.



Moun k ap monte bisiklèt dwat yo ta dwe fè liy youn apre lòt epi tann limyè vèt la.

Moun k ap kondwi ta dwe kanpe dèyè bwat bisiklèt la (**menm lè li vid**) epi tann limyè vèt la.



VERIFYE ANVAN OU VIRE

Li enpòtan pou verifye retwovizè w yo epi reverifye ang mò ou yo anvan ou vire. **Moun k ap vire yo** dwe kanpe pou **moun k ap travèsè** yon kafou sou bisiklèt.

Moun k ap kondwi yo ta dwe siveye **moun k ap monte bisiklèt yo** lè y ap apwoche kafou yo. Tann yo pase anvan ou vire. Pran pasyans — pa eseye travèsè devan yon **bisiklèt**.

Pa travèsè liy santral yo pou double yon machin k ap vire nan kafou. Li danjere e li ilegal.

Di mèsi. Yon ti kras rekonesans vle di anpil bagay!

Montre koutwazi lè w ap monte bisiklèt nan yon kafou. Pa eseye fè kous ak yon **moun k ap kondwi**. Kenbe yon vitès ki an sekirite pou diminye chans pou yon aksidan.

Rete vijilan epi prevwa lè **moun k ap kondwi** yo ka vire. Bay machin yo anpil espas nan kafou yo. Chofè yo ka pa wè w ap vini.





RESOUS CAMBRIDGE YO

FÈ YON APÈL

Ijans	9-1-1
Polis ki Pa Ijans	617-349-3300
Community Development Department (Depatman Devlopman Kominotè)	617-349-4600
Traffic, Parking & Transportation Department (Depatman Sikilasyon, Pakin ak Transpò)	617-349-4700
Department of Public Works (Depatman Travo Piblik)	617-349-4800
Department of Conservation and Recreation (Depatman Konsèvasyon ak Rekreyasyon, DCR)	617-626-1250
MassDOT	77-MA-DOT-GOV
(Department of Transportation (Depatman Transpò))	
MBTA (Otorite Transpò Bè Massachusetts OTBM)	617-222-3200



SOMÈT YON RAPÒ

Itilize **Aplikasyon Commonwealth Connect** oswa fòmilè **Sou entènèt** pou rapòte:

- Defo nan lari oswa twou
- Defo nan Twotwa
- Defo nan Limyè Lari
- Bisiklèt Abandone
- Demann Ratelye Bisiklèt
- Ratelye Bisiklèt ki Andomaje
- Plent Konsènan Taksi
- Plent konsènan Pano Sinyalizasyon
- Plent konsènan Siyal Sikilasyon



www.commonwealthconnect.io

Pou rapòte yon machin ki pakin nan yon liy bisiklèt **617-349-3300** oswa **617-349-4700**.

JWENN PLIS ENFÒMASYON

Lwa Bisiklèt Massachusetts:

malegislature.gov/Laws/GeneralLaws

Pati I, Tit XIV, Chapit 85, Seksyon 11B

Règleman Trafik Cambridge:

cambridgema.gov/traffic/aboutus/trafficregulations

Monte Bisiklèt nan Cambridge:

cambridgema.gov/bikes

Distri Biznis ki Deziyen yo:

cambridgema.gov/CDD/factsandmaps/mapgalleries/transportation

WikiMap Bisiklèt Cambridge

cambridgema.gov/CDD/Transportation/bikesincambridge/bicyclewikimap

Vision Zero:

cambridgema.gov/visionzero

Mache nan Cambridge:

cambridgema.gov/CDD/Transportation/gettingaroundcambridge/byfoot

MBTA:

mbta.com

Bluebikes:

bluebikes.com

